

Jalapeno Bagels/ Pen yo rele “Jalapeno Bagels”



Pablo mande manman li: “Ki sa m ta dwe pote lekòl la lendi pou **Jounen Entènasyonal** la?” Manman ak papa Pablo se mèt yon **boulanjri**. Nan dimanch maten byen **bonè**, manman Pablo vin leve l pou l al ede l ak papa l nan boulanjri a. Konsa l ap kab **chwazi** yon manje nan **kilti** l pou l pote lekòl la.

Pablo tap panse de manje l renmen yo. Èske m ta dwe pote pen dous lekòl la? Èske m ta dwe pote pate **jouwoumou**? Oubyen petèt sirèt chokola yo rele **chango**, se desè prefere m.

Papa Pablo rele l nan chanm dèyè a pou l ede fè pen yo rele “**bagel**.” Papa l pale **Anglè** ak **Idish**. Li aprann pale lang Idish lè l t ap viv nan **New York City**. Li prepare pat la an premye nan yon bòl **metalik** e mete l nan yon **moul**.



bagel

Pandan map rete tann, papa fè **challah**, yon pen **fwif** ki trese tankou w tap trese yon cheve. Apre sa Manman mwen vin jwenn nou.



Nou fè yon “bagel.” “Bagel” sa a fèt ak yon kalite **piman** ki rele “Jalapeno.”

Se yon espesyal **resèt** nou itilize. “Èske ou deside ki sa w ap pote nan lekòl la?” manman Pablo mande l. “Tout bagay yo bon nan boulanjri a. Li difisil pou mwen chwazi.” Se sa Pablo reponn manman li.” Se pou w deside anvan nou louvri boulanjri a.”

Pablo di manman li ak papa l: Li chwazi “Bagel Jalapeno!” Se sa map pote. Map **bere** yo ak konfiti e krèm fromaj. Papa l mande l poukisa? Pablo repond: “Paske se yon melanj nou tou lè de. Menm jan avè m!”



jalapeno

Aktivite

Anvan nou li istwa a, ann nou fè konesans ak mo vokabilè yo: boulanjri – bye bone – kilti – metalik – moul - resèt

Mwen konprann istwa a

1. Site kalite pen Pablo te vle pote pou Jounen Entènasyonal la nan lekòl li a?
2. Poukisa otè a ekri istwa sa a?
3. Ki kalite pen yo dekri nan istwa a ou renmen? Poukisa?
4. Poukisa Pablo chwazi pen jalapeno pou li pote nan lekòl?

Ann nou panse sou istwa a.

1. Istwa sa a ap pale de yon ti gason yo rele Pablo, manman li ak papa li. Paran li yo gen yon boulanjri. Èske w vizite yon boulanjri deja? Kisa yo vann nan yon boulanjri?
2. Yo pral fete Jounen Entènasyonal nan lekòl la, Pablo vle pote yon manje. Kisa Jounen Entènasyonal ye?
3. Si lekòl la tap fè yon Jounen Entènasyonal, ki manje ou ta pote?
4. Papa Pablo mande l pou li ede fè **“bagel.”** Kisa yon **“bagel”** ye?
5. Manman Pablo mande li pou li fè **“bagel Jalapeno.”** Manman l koupe **“Jalapeno”** yo. Kisa **“Jalapeno”** ye?
6. Pablo deside pou li pote **“bagel Jalapeno”** nan lekòl la. Poukisa ou panse li chwazi **“bagel”** sa a pou li pote?
7. Site yon manje ki espesyal nan fanmi ou?
8. Lè w ale nan yon boulanjri, ki lòt machandiz ou panse yo vann?
9. Lè ou ap fè yon pen, ki engredyen ou panse ou ka bezwen?
10. Fè yon vann dyagram pou konpare engredyen pou pen ak gato.

Koneksyon ak lakay

Mande manman w ousinon moun ki kwit manje lakay ou ki manje li pi renmen prepare. Fè li dikte ou resèt la. Epi pote l vini pou pataje ak klas la.